Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 11 (25984)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 24 январ — тъæнджы мæйы 24 бон, æртыццæг Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХИЦАУАДЫ ÆМБЫРДÆЙ
Республикæйы ахсджиаг фарстатæ

3 НÆ ИРЫ ФÆСИВÆД
Тематикон фарс

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Армрестлинг

Кусæг балц

Спортыræзт æмæ нысанмæ

Цæгат Ирыстонмæ кусæг балцы æрцыд Уæрæсейы Федерацийы спорты министр Олег МАТЫЦИН. Знон нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОИМÆ министр бабæрæг кодта спортивон объекттæ, фембæлд спорты къабазы кусджытимæ дæр.

Фыццаг федтой, стадион "Спартак"-ы арæзтад цавæр æмвæзадыл ис, уый. Куыд зонæм, афтæмæй республикон стадион "Спартак"-ы арæзтад цæуы нæ бæстæйы Президенты Указы бындурыл. Объект кæронмæ хъуамæ фæуа ацы аз майы. Подрядон организаци "Фарн"-ы кусджытæ æнæкъуылымпытæй архайынц сæ хæс афойнадыл сæххæст кæныны хъуыддагыл. Сæйраг куыстытæ ныры онг æххæстгонд æрцыдысты. Скæсæн æмæ Нигуылæн трибунæты абон бетоны æмæ иннæ æфсæн конструкциты арæзтæдтæ фесты, рахызтысты электрокоммуникацитæ, бæстыхайы уæладзгуыты агъуыстытæ сæрдыны куыстытæм, доны хызтæ æмæ канализацийы фарстатæм. Райдыдтой трибунæты æддаг хуызтыл дæр кусын. Уымæй уæлдай, дарддæр цæуы бандæтты бынæтты куыст дæр.

Сергей Меняйло æмæ Олег Матыцин дарддæр бабæрæг кодтой, Джызæл æмæ Дзæуджыхъæуы 'хсæн цы ног дыккаг ихын галуан " Тагбан", зæгъгæ, арæзт æрцыд, уыцы объект. Йæ иумæйаг фæзуат у 32 мин квадратон метры. Сарæзтой йæ инвесторты къорд **Иринæ** æмæ **Алексей Бояркинты** хъæппæрисæй. Проект æххæст кæны æнæхххæст бæрндзинады æхсæнад " Тагбан". Ихын галуаны проект та бацæттæ кодтой, ахæм объекттæ аразыны фæлтæрддзинад бирæ кæмæ ис, уыцы сæрмагонд специалисттæ Бетъырбухæй. Галуаны арæзтады нысан у, нæ республикæйы ихын спорты хуызтæ райрæзын кæнын. Ихын галуаны ис : дыууæ ихын фæзы, трибунæйы бынæттæ — 500, уæлæдарæс ивæн хатæнтæ хи найыны уаварæтимæ, иумæйаг æмæ сæрмагонд физикон цæттæдзинады æртæ залы, хæрæндон, кафе, методикон зал, къахдзонытæ, Хъæбысæй хæцыны тренировкæтæ кæнæн центрмæ. Ацы ран фембæлдысты спортивон æхсæнады минæвæрттимæ. Ныхас кодтой, Цæгат Ирыстоны спорты къабазыræзты фарстатыл. Тренертæ æмæ спортсментæм бирæ фарстытæ уыдис, абон нæ республикæйы бирæ хъæуты кæй нæ фаг кæны спортивон залтæ, физикон-дзæбæхгæнæн центртæ. Бокс, армрестлинг, ленк кæныны æмæ ихыл бырыны спорты хуызтæ тынгдæр райрæзын кæнын æмæ фылдæр уыцы хуызтæм æргом аздахыны фарстатæ æвæрдтой. Уæлдæр амынд спорты хуызтæ нæм уæвгæ сты, фæлæ сæм фаг хъусдард нæ цæуы,ræзгæ фæлтæр та сæхи тынгдæр ацы къордтæм здахынц.

Кусæг балцы кæрон УФ-йы спорты министр Олег Матыцин æмæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло журналисттæн радзырдтой спорты къабазы фидæны нысантыл. Олег Матыцин куыд загъта, афтæмæй спортивон инфраструктурæ республикæйы хорз æмвæзадыл ис.

— Нæ бæстæйы 89 регионы ис æмæ дзы алы ран ахæм мадзæлттæ нæй, Цæгат Ирыстоны спорты фарста бæрзонд æвæрд у. Республикæ рагæй дæр хъуыстгонд у, æнæхъæн бæстæ æмæ дунейы зындгонд ирон спортсментæй. Мæ балцы нысан та уыд, федералон разамынд спорты къабазыræзтыл фылдæр архайынæн цы хæстæ сæвæрдта, уыцы фарстатæ регионы куыд æххæстгонд цæуынц, уый сбæлвырд кæнын. Æмæ федтон, республикæйы Сæргълæууæг спортмæ йе 'ргом тынг кæй здахы, уый. Спортыræзт нæ бæстæйы паддзахадон политикæйы фæзы сæйрагдæртæй иуыл нымад цæуы æмæ нæ хæс у æнæниз фæлтæры амондджын фидæнæн арæзын æппæт мадзæлттæ дæр. Мæ зæрдæ дарын, майы стадион "Спартак"-ы фæзы фыццаг ерыстæ кæй ацæуæдзысты. Ног ихын галуан "Тагбан" -ы арæзтадмæ дæр бизнес-æмæхсæнад се 'ргом хуымæтæджы нæ аздæхтой. Ирыстоны зæхх фæрнджын æмæ рæдау у дæсны æмæ курдиатджын спортсментæй. Æмæ ацы къабаз республикæйы райрæзын кæныны фарстатæм нæ цæст фæдардзыстæм. Ахсджиаг уыдис спортивон æхсæнады минæвæрттимæ дæр зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхас. Уыдон æргом сæ хъуыдытæ загътой, абон цы нæ фаг кæны спорты къабазы, цы ма хъæуы саразын, цæмæй спорты æппæт хуызтæ дæр нывыл рæзой, уый тыххæй. Хорз спортивон скъолатæ æмæ разамонджытæ ис Ирыстоны. Программæты бындурыл цы бирæ проекттæ æмæ нысантыл архайы республикæ, уыдон сæххæст кæныны мадзæлттæм нæ бæстæйы Спорты министрад дæр йæ цæст фæдардзæн, — загъта министр.

Сергей Меняйло та куыд радзырдта, афтæмæй УФ-йы спорты министрадимæ æмгуыстады фæрцы нæ республикæйы арæзт æрцæудзысты боксы скъолатæ.

— Бирæ фæндтæ нæм ис, нæ республикæйы спорты стæм хуызтæ райрæзын кæныны фæдыл æмæ архайдзыстæм нæ нысантæ царды рауадзыныл,— загъта нæ республикæйы Сæргълæууæг.

САУТÆТЫ Тамилæ

УФ-йы Хицауады уынаффæйæ

Дзæуджыхъæуы иувæрсты фæндаджы арæзтады кæронбæттæн æмгъуыд

Цæгат Ирыстоны сæйраг горæты иувæрсты цы автомобилон фæндаг арæзт цæуы, уыцы куыстыты кæронбæттæн æмгъуыд фæфæстæдæр кодтой 2026 азмæ. Ахæм уынаффæ сфидар кодта УФ-йы Хицауад йæ радон æмбырды.

Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ амынд фæндаджы арæзтады кæрон раздæр нысангонд уыд 2024 азмæ. Фæлæ ныр федералон Хицауад иуæйиу ивддзинæдтæ бахаста 2024-2026 азты фæндагон инфраструктурæйы объектты арæзтад æмæ цалцæджы пъланмæ. Ног уагæвæрдмæ гæсгæ, Дзæуджыхъæуы иувæрсты фæндаджы дыккаг æмæ æртыккаг къæпхæн арæзт цæудзысты хæстæгдæр æртæ азы дæргъы.

Хицауадон пъланы куыд загъд ис, афтæмæй амынд объекты арæзтады иумæйаг аргъ суыдзæн 14,6 милиард сомæй фылдæр. Хæстæгдæр æртæ азы йæ арæзтадæн хъæугæ фæрæзтæ дихгонд цæудзысты ахæм фæткы бындурыл: 2024 азы — 2,8 миллиард сомы, 2025 азы — 1,7 миллиард æмæ 2026 азы — 1,6 миллиард сомы.

Ног автомобилон фæндаджы арæзтады сæйрагдæр нысан у Дзæуджыхъæуы уынгтæ транзитон уæзласæн транспортæй асыгъдæг кæнын. Уыимæ, ног автомобилон "дадзин" цæудзæн Дзæуджыхъæу æмæ Æрхонкæйы 'хсæн фæндагæй Джызæлмæ 'ввахс фæзилæны 'рдæм. Уырдыгæй та — Дзæуджыхъæуы хуссаргæрон Мæскуыйы сосамæ.

Нæ уацхæссæг

Æмбырд

Фыццаградон хæстæ

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы кусæг æмбырд скодта, уым ныхас бацахстой министрты кабинеты фыццаградон хæстæ.

Æргом аздæхтой республикæйы туризмы къабазыræзтмæ. Ацы аз дарддæр бакусдзысты бæлццæттæн нырыккон инфраструктурæ аразыныл. Уæрæсейы Экономиконræзты министрады исынц куырдиаттæ туризмы къабазы Уæрæсейы Хицауады премии райсыны тыххæй.

Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг **Æгъуызарты Муратæн** бахæс кодтой федералон конкурсы архайыны республикæ куыд балæвæрæн, уымæ цæст фæдарын. Уæдæ æхсæнадон æппæтуæрæсеон æмæ æнæхъæн æмæ æнæхъæн æппæтуæрæсеон æмæ æнæхъæн æппæтуæрæсеон æмæ æнæхъæн æппæтуæрæсеон

Хицауады æрвылкъуырион æмбырдæй

Фæндæгты куысты фæтк, сæвзæргæ эпидемиологон уаваер æмæ æндæр ахсджиаг фарстатæ

РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй уыд Хицауады уæнгтæ æмæ муниципалитетты разамонджыты æрвылкъуырион æмбырд. Фембæлды архайджытæ се 'ргом аздæхтой республикæйы ахсджиагдæр автомобилон фæндæгты куысты фæткмæ, сæвзæргæ санитарон-эпидемиологон уаваер æмæ æндæр ахсджиаг фарстатæм.

Транспортон "дадзинтыл" сæвзæрæг оперативон уаваерыл дзургæйæ, Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** куыд фехъусын кодта, афтæмæй æрдзон уаваертæм гæсгæ, Арвыкомы фæндагræстæгмæ æхгæд у уæзласæн транспортæн. Уыимæ, Ручъы фæндаг кусы æнæкъуыхцыйæ. Томайы-фырты ныхасмæ гæсгæ, паддзахадон арæнмæ 'ввахс бынæтты фæстаг бонты бамбырд уæзласæн транспорты 380 иуæгæй фылдæр. Паддзахадон арæны сæрты ахизынвæнд чи кæны æмæ ræстæгмæ æрлæууæн бынæтты чи ис, уыцы шофыртæ æмæ иннæ бæлццæттæн хъæугæ æххуыс лæвæрд цæуы.

"Роспотребнадзор"-ы регионалон управленийы разамонæг **Тыбылты Алан** куыд радзырдта, афтæмæй фæстаг къуырийы дæргъы грипп æмæ æндæр ахæм хæцгæ низтæй рынчынты нымæц зынгæ фæкъаддæр. Тыбылыфырты ныхасмæ гæсгæ, уымæн фыццаджы-фыццагдæр фæахъаз, скъолаты иу хай ræстæгмæ дæрддзæгмæ ахуырады фæткмæ кæй раивтой, уыцы æууæл.

Сæвзæргæ санитарон-эпидемиологон уаваерыл дзургæйæ, ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** куыд фехъусын кодта, афтæмæй ведомствæйы минæвæрттæ иудадзыг сæ цæст дарынц хъомыладон æмæ ахуырадон кусæндæтты уаваермæ. Рынчыны нымæц дзæвгар кæм уыд, уыцы 69 ræвдауæндон æмæ скъолайы ræстæгмæ карантины сæхгæдтой.

— Ацы къуырийы райдайæнмæ карантины фæтк йæ тыхы ис 34 ахуырадон кусæндоны. Абоны уаваер хынцгæйæ, иннæ ræвдауæндæттæ æмæ скъолатæ ræстæгмæ сæхгæнын æнæмæнг хъуыддаг нæу, — бафиппайдта Алыбегты Эллæ.

Профилон ведомствæты хъусынгæнинæгтæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Сергей Меняйло бафæдзæхста, цæмæй амæй фæстæмæ дæр бæстон цæстдард уа сæвзæргæ санитарон-эпидемиологон уаваермæ. "Уаваер цæмæй æвзæрæрдæм мауал фæива, уый фæдыл æппæт хъæугæ профилактикон мадзæлттæ дæр дарддæр æххæст кæнут", — профилон ведомствæты разамонджытæн бацамыдта республикæйы Сæргъæлæууæг.



Уымæй уæлдай, Сергей Меняйло цæстдарæг службæты минæвæрттæн бахæс кодта, цæмæй-ма иу хатт раиртасой, ræвдауæндæтты, скъолаты, стæй паддзахадон кусæндæтты цардархайды æдасдзинады домæнтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый дæр.

Æмбырды архайджытæ се 'ргом аздæхтой Хицауады сконды иуæй-иу структурон ивддзинæдты, фыццаградон национ проекттæ æмæ нысанмæарæзт федералон программæты уагæвæрдтæ æххæст кæнын æмæ æндæр фарстатæм.

РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Æмбырд

Хæстонтæ æмæ сæ бинонтæм — сæрмагонд хъусдард

РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта Цæгат Кавказы федералон зылды сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты — контрактон службæгæнæг æфсæддонтæ æмæ бархионтæн æххуысы фарстаты Оперативон штабы æмбырды. Æмбырд арæзт æрцыд Дзæуджыхъæуы, амыдта йæ Уæрæсейы Федерацийы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды Юрий ЧАЙКА.

Ардæм хуынд æрцыдысты Цæгат Кавказы федералон зылды регионты сæргъæлæуджытæ, республикæты официалон минæвæрттæ. Цæгат Ирыстонæй ма дзы архайдтой РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег**, РЦИ-Аланийы мидхъуыддæгты министр **Демьян Лаптев**, УФ-йы Национ гвардийы федералон службæйы Цæгат Ирыстоны дæлхайады хицау **Валерий Голота**.

Юрий Чайка арфæ ракодта субъектты разамонджытæ æмæ дзуапдæттæг бæрнон кусджытæн, 2023 азы сæ къухы цы бæрæггæнæнтæ бафтыд, уый тыххæй, æмæ сын ацы аз сæ размæ цы хæстæ лæууы, уыдон сын фехъусын кодта. Куыд загъта, афтæмæй сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн социалон алывæрсыг æххуысадмæ хъуамæ дард цæуа сæрмагонд цæстæнгас.

— Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты реабилитацийы, сæ ахуырады, ног дæсныйæдтæ райсыны æмæ сын дарддæр куысты бынæттæ радтыны, социалон фиддонтæ æмæ льготæтæ райсыны, медицинон, юридикон, психологон æмæ æндæр æххуыс радтыны фарстатæм хъуамæ уæлдай лæмбынæгдæр кæсой паддзахадон, регионалон, муниципалон хицаудзинады органтæ æмæ æхсæнадон организацитæ. Паддзахады интерестæ чи хъахъхъæны тохы быдыры, уыцы адæммæ ахастдзинадыл æхснадæн æвдисæн у мах архайд, — загъта Æххæстбарджын минæвар.

Æмбырды загъд уыдис, Цæгат Кавказы регионты куыст æмбæлгæ æмвæзадыл кæй цæуы, уый руаджы граждæнтæм контрактон службæмæ цымыдисдзинад иудадзыг кæй ræзы.

Æмбырды хатдзæгтæм гæсгæ фæдзæхстытæ æрцыд, сæ сæхæст кæныны хъуыддагмæ сæрмагондæй каст цæудзæн.

Уæрæсейы Федерацийы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды Юрий Чайка ма хицæнæй фембæлд РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæг Сергей Меняйлоимæ. Æрдзырдтой субъекты социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон уаваерыл, бæлвырддæр зæгъгæйæ, ивгъуыд азы регионы ræзты бæрæггæнæнтыл.

Сергей Меняйло радзырдта, республикæйы равзæрды 100 азы бонмæ цы бæрæгбоны мадзæлттæ арæзт цæудзæн, уыдоны тыххæй.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

ГАПБАТЫ Алетæ

Алагиры районæй

Мидæггаг службæйы капитан

Иугæр кæд пъæлицæйы куысты тыххæй фыссæм, уæд æй зон, дзурдзыстæм участокты æххæстбарджынты, оперативникты, фæндæгтыл æдасæй цæуыны паддзахадон инспекторты тыххæй. Æмæ куыд нæ! Уыдонмæ æрхауынц уæззаудæр цаутæ, фыдбылызтæ, сæ банывыл кæныны хъуыддæгтæ.

Фæлæ ис, барадхъахъхъæнæг оргæнты бæстонæй, лæмбынæгæй йæ хæстæ чи æххæст кæны, раззагдæр хæххытæм чи нæ хизы, ахæм кусджытæ. Райсæм ма хъуыддæгтæ аразыны, æппæт документтæ фидар кæныны, æрбацæуæг фыстæджытимæ, домæнтимæ, хъæстытимæ, нормативон гæххæттытимæ кусæг специалистты. Хуыйны Хъуыддæгтæ аразыны æмæ фæткы хайад. Уыдонæн сæ архайд цас лæмбынæгдæр æмæ бæстондæр уа, уыйас æппæт хайады куыст дæр уыдзæн нывыл.

Абон Мидхъуыддæгты министрады Алагиры районы Хъуыддæгтæ аразыны æмæ фæткы хайадæн разамынд дæтты мидæггаг службæйы капитан, инспектор-разамонæг **Черчесты Замирæ**, æххуыс ын кæны нымæрдар **Татьянæ Шайхаматова**. Черчесты чызг ацы дæсныйадмæ æваст не 'рбацыд. Сывæллон ма уыд, афтæмæй йæ зæрды уыд ахуыргæнæг суæвын. Йе 'ппæт хъуыдытæ йемæ баст уыдысты.

Скъолайы фæстæ бацыд Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты филологон факультетмæ. Каст æй фæугæйæ, 1998 азы Замирæ куыстмæ бацыд скъоламæ. Фæлæ йæ йæ фæндаг æрбахуыдта милицæмæ. Черчесты Замирæ ныр 22 азæй фылдæр службæ хæссы Алагиры районы пъæлицæйы хайады. Йæ дæсныйадыл зæрдæ нæ ивы, тынг лæмбынæгæй кусы, йе 'ппæт хæстæм дæр у къæрцхъус. Абон Черчесты Замирæ у районы барадхъахъхъæнæг ведомствæйы Хъуыддæгтæ аразыны æмæ фæткы хайады разамонæг.

Йæхæдæг куыд фæзæгъы, афтæмæй равзæрста куысты ахæм хуыз, ома, кæддæриддæр хъуыддæгтæ хъуамæ уой фæткыл æвæрд, нывыл уагыл, цыдæриддæр кæныс, уымæ дæм хъуамæ уа бæстон ахаст. Æмтъерыйæн, иу ран — иу гæххæтт, иннæ ран — иннæ гæххæтт, уыдæттæн бынат нæй. Алцæмæн дæр ис хи бынат, хи барст фæтк. Цæвæг марæджы ма ссара, уымæн гæнæн нæй. Цы хæстæ йæм хауы Замирæмæ, уыдоныл у тынг æнувыд, цалынмæ кæронмæ сцæттæ уа, уæдмæ йæ кæны, йæ цæст æм дары. Афтæ — алы нысанмæ, алы хæсмæ дæр кæсы. Æппæт къахдзæфтæн дæр бацæттæ кæны гæххæттытæ. Æндæр гæнæн нæй!

Йæ дæлбар цы нымæрдар ис, уымæй дæр домы ахæм ахаст. Татьянæ Шайхаматовайæн уайтагъд дæр бамбарын кодта æппæт домæнтæ, уый дæр бæрнон у æппæт хъуыддæгтæн. Черчесты Замирæйы æнтыстытæн ис иунæг рахæцæн — бæрнондзинад. Йæ ахасты тыххæй пъæлицæйы мидæггаг службæйы капитан райсы арфæтæ, Кады гæхæттытæ, алыхуызон риуылдаргæ нысантæ.

Черчесты Замирæ йæ уд, йæ ræстæг куыстæн кæй дæтты, уый хайады кусджытæн зындгонд у, службæгæнджытæ йын кад кæнынц. Замирæйы архайд домы тыхтæ, бирæ ræстæг, фæлæ сылгоймаг мады, нанайы хæстæ дæр æххæст кæны зæрдæбынæй. Нæ зæгъдзæн бафæлладтæн, нæ аиуварс кæндзæн кæстæрты. Йе 'ххуысы хай кæддæриддæр бакæндзæн.

Хъуыддæгтæ аразыны æмæ фæткы службæ Уæрæсейы Мидхъуыддæгты министрады рагондæртæй иу у. Фæзынд 1803 азы 20 январы, йæ ном иу æмæ дыууæ хатты ивд не 'рцыд. Фæлæ йæ ахсджиаг хæстæ баззадысты. Кæддæриддæр гæххæттытæ хъуамæ уой нывыл æмæ раст хуызы арæзт. Черчесты Замирæ уыцы фæткыл фидар хæст у. Уыимæ баст у æппæт хайæдты архайд.

ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,
Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор

Энергетикæ

Хæс бафыстой

Бамбырдуæвæг хæсы тыххæй электрон тыхæй фæцух кæныны фæдыл номхыгъдмæ хаст фæлхасгæнджыты — юридикон иуæгты 98 проценты хæс цæмæй бафидой, фарон компани "Россети Цæгат Кавказ"-ы филиал "Цæгкавказэнерго" ууыл бацархайдта.

Электрон тыхæй дæ фæцух кæндзыстæм, зæгъгæ, ахæм хабар фыст кæм уыд, фарон энергокомпанийæ 2 миллиард сомæй фылдæр хæсдарæг 45 880 кусæндоны райстой гæххæттыл фыст ахæм фыстæджытæ. Уавæр электрон тыхæй фæцух кæныны хъуыддагмæ цæмæй ма 'рхæццæ уа, уый тыххæй 44767 абоненты энергокомпанийæн бафыстой чысыл хъуагæй 2 миллиард сомы бæрц хæс.

Энергокомпанийы хъусынгæнинаг чи ницæмæ 'рдардта æмæ, æмткæй райсгæйæ, 18 милуан сомæй фылдæр хæс кæмæ бамбырд, уыцы 193 хæсдарæг куыстуаты электрон тыхæй иппæрдгонд æрцыдысты. Архайæг закъонæвæрынадмæ гæсгæ, хæс æххæстæй фыст цалынмæ не 'рцæуа, уæдмæ ацы куыстуæттæм электрон тых нæ бауадздзысты. Фæлæ энергокомпани ацы куыстуæттæ электрон тыхæй фæиппæрд кæныныл æмæ сæм æй ногæй бауадзыныл кæй бахардз кодта, ныр хардзгонд электрон тыхы аргъæй уæлæмæ ацы абонентты бахъæудзæн уыцы хæрдзтæ дæр бафидын (абоненттæ сæ бадзырдон хæстæ энергокомпанийы раз бæрнондæрæй куы æххæст кодтаиккой, уæд сыл ахæм хæс æвæрд нæ уыдаид, ныхас цæуы уæлæмхасæн хæрдзтыл).

"Цæгкавказэнерго"-йы пресс-службæ

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Æгъдау — царды фидауц

Нæ куырыхон фыдæлтæ нын цы бирæ хæзнатæ ныууагътой, уыдонæн сæ хæзнаты хæзнатæ сты нæ æвæджиауы мадæлон æвзаг æмæ нæ рæсугъд æгъдæуттæ. Сæ бахъахъхъæныны охыл зæрдиаг архайд кæнынц нæ иунæг ирон газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы кусджытæ æмæ æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы уæнгтæ. Мæ сæрæй сын ныллæг кувын æмæ сын зæгъын стыр бузныг.

Æрæджы дæр та тынг зæрдиагæй æмæ лæмбынæг бакастæн газетты фæрстыл æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы Сидт.

Æз куыдфæндыйы цæстæй нæ кæсын нæ удварны хæзнаты хъысмæтмæ. Хуымæтæг, ацæргæ адæймаг уæвгæйæ, мæ бон цас у, уый бæрц архайын, цæмæй нæ аив мадæлон æвзаджы мырты зæлланг ма мынæг кæна. Кæддæриддæр бауайдзæф кæнын, мæнæ афтæ чи хъуыды кæны, зæгъгæ, ирон æвзаг Ирыстоны арæнтæй дарддæр никуы хъæуы, уыдонæн. Хъыгагæн, ахæм хъуыдыгæнджытæ чысыл не сты. Дзæуджыхъæуы уæвгæйæ, адæймаджы зæрдæ бамæгуыр вæййы — нæ дзы фехъусдзынæ ирон ныхас. Æхсæнадон транспорты цæугæйæ, фехъусдзынæ: "На остановке остановите, пожалуйста". Кæд шофыр дæр æмæ бæлццон дæр ирæттæ вæййынц, уæддæр иронау нæ бахатынц шофырмæ. Кæнæ исты хъуыддаджы фæдыл куыстуатмæ куы бацæуай æмæ амы ирон бæрнон кусæгæн иронау де 'рбацыды сæр куы æмбарын кæнай, уæд дын зæгъдзæн: "Говорите по-русски, я вас не понимаю". Уæд уый куыд раст у?!

Фæлæ æрæджы сæмбæлдтæн Хуыцауысконд адæймæгтимæ, кæцытæ мын се 'гъдау, сæ ныхасæй барухс кодтой мæ зæрдæ, æмæ мæ цин дих кæнын мæ уарзон газет "Рæстдзинад" æмæ йæ иузæрдион кæсджытимæ.

Цæвиттон, цавæрдæр ахсджиаг хъуыддаджы фæдыл мæ бацæуын хъуыд Дзæуджыхъæуы "Фонд социального страхования"-мæ. Раст куы зæгъон, уæд тынг зивæггæнгæ цыдтæн, ома мыл, зæгъын, куы бабустæ кæной, зæронд дæ æмæ дæ хæдзары бад, зæгъгæ. Кæддæрты ахæм уаваеры дæр бахаудтæн æмæ уымæ гæсгæ æдас нæ уыдтæн. Фæлæ, мæ уд сæ фæхъхъау амы кусджытæн. Дуаргæс мын мидбылхудгæйæ "æгас цу", загъта æмæ мын бацамыдта, кæдæм мæ цæуын хъæуы, уыцы 10-æм кусæнуат. Ацы кусæнуаты къæсæрæй куыддæр бахызтæн, афтæ мын амы бæрнон кусджытæ Сæлбиты Симæ, Баскаты Марат æмæ Екатеринæ Гаглошвили сыстадысты, сыгъдæг иронау мын "æгас цу" загътой, сбадын мæ кодтой. Лæмбынæг мæм байхъуыстой.

Æмæ мын бæлвырд, бæстон бамбарын кодтой, дарддæр мæ цы кæнын хъæуы, уый. Цыбыр дзырдæй, раст цыма сæ хæстæг, сæ хæрз хион уыдтæн, афтæ мыл баузæлыдысты. Сæ тавицæй ме уæнгтæ фæрогдæр сты, æмæ азты уæз дæр нал æнкъардтон. Уый æмæ, æртæйæ дæр мемæ дæр æмæ сæхимидæг дæр дзырдтой иронау. Лæгъз, фæлмæн ныхас, мидбылхудт. Æвæдза, уыдонæн дзы æмбал нæй! Куыннæ хъуамæ абадтаид ас, цæстæнгасмæ кæсæг адæймагæн йæ зæрдæ хурварс?! Мæ хъуыддаг мын кæй сарæзтой, уый дæр мын æхсызгон куыннæ уыд, фæлæ сæ уæздандзинад æмæ, иронау кæй дзырдтой, уымæй та банкъардтон уæлдай æхцондзинад. Ахæм уаваеры мæм, айгъай, гуырыдысты ныфсы æнкъарæнтæ, ома, нæй фæцудæн нæ мадæлон æвзагæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, бирæ арфæтæ сын фæкодтон. Райгондæй, цинæй дзаг зæрдæимæ рацыдтæн уыцы кусæнуатæй æмæ мæ бафæндыд сæ сæргъæлæууæгæн мæ циндзинад радзурын. Бацыдтæн "Фонд социального страхования"-йы сæргъæлæууæджы хæдивæг Дойаты Дианæйы исæн уатмæ. Хæрз æрыгон, хæрзуынд чызг Кокойты Викæ мæ куы ауыдта, уæд сыстад, иронау мын "æгас цу" загъта æмæ мын бамбарын кодта, ома, дам, хицаумæ чидæр ис, иу чысыл, дам, банхъæлмæ кæс. Хорз, зæгъын, алæудзынæн. æмæ лæугæйæ æнхъæлмæ кастæн. Викæ дæр лæууы, хистæр лæугæ кæна, уый та сбада, йæ уæздандзинад ын уый бар нæ лæвæрдта. Æз æй фæхъуыды кодтон æмæ æрбадтæн. Æмæ уæд чызг дæр сбадт.

Мæ рад куы æрхæццæ, уæд бахызтæн сæргъæлæууæджы хæдивæджы кусæнуатмæ. Ам та бынтон æгæрон уыдысты мæ цин, мæ цымыдисдзинад. Аив æрыгон сылгоймаг мын сыстад, мидбылхудгæйæ мын иронау "æгас цу" загъта, æмæ мын бандонмæ ацамыдта, ома, сбад, зæгъгæ. Æз куы æрбадтæн, уæд уый дæр сбадт. Куы йын бамбарын кодтон, цæй тыхæй æрбацыдтæн, ома мын æхсызгон у, йæ кусджытæм ирон æгъдау кæй ис æмæ иронау кæй дзурынц. "Мах ирон адæм стæм æмæ хъуамæ нæ ирондзинадыл кæддæриддæр иузæрдион уæм, алчидæр нæ хъуамæ арæхса аив дзурын йæ мадæлон æвзагыл", — загъта Дианæ. Бауырнæд уæ, хорз адæм, фырцинæй мæ хъуыр ахгæдта, мæ рустыл æруадысты хъарм цæссыгтæ. Æмæ куыннæ, ам фехъуыстон аив ирон ныхас, æм федтон, нæ ирон цард цæмæй фидауы, уыцы æгъдау, уæздандзинад!..

Ацы фембæлды фæстæ æрцыдтæн ахæм хатдзæгмæ — алы куыстуаты разамонæг дæр мæнæ Дианæйы хуызæн æнувыд куы уаид ирондзинадыл, уæд уый йæ кусджытæн уаид дæнцæг. Æмæ сæм уæд ирон æгъдау дæр уаид, æрбацæуæгимæ дæр иронау дзуриккой. Ахæм уагæвæрд алы ран дæр куы уаид, куыстуæтты разамонджытæ-иу, ирон уæвгæйæ, иронау чи не 'мбары æмæ нæ дзуры, уыдоны кусынмæ куы нæ исиккой, уæд, бæргæ, уый стыр ахъаз уаид, нæ мадæлон æвзаг æмæ нæ рæсугъд æгъдæуттæ цæмæй сæ гаччы сбадой, уымæн, сæ хъысмæт сагъæссаг нал уаид...

О, адæм адæм сты, æнæ адæмæй цард нæй, æнæ адæмæй хур дæр нæ тавы, быдыр тыллæг нæ дæтты. Фæлæ, æнæ мадæлон æвзаг зонгæйæ, адæймаг адæймаг нæу. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, ирон уæвгæйæ, нæ хъæздыг æмæ рæсугъд мадæлон æвзагыл былысчъилтæ чи кæны, уымæн Иры зæххыл нæй цæрæн!

Мæ фыстæджы кæронбæттæны мæ фæнды зæгъын арфæйы ныхæстæ, æрæджы цы сыгъдæгзæрдæ, æцæг ирон адæймæгтимæ сæмбæлдтæн, уыдонæн.

Зынаргъ социалон къабазы кусджытæ: Дианæ, Симæ, Марат, Екатеринæ æмæ Викæ, Хуыцау уыл кæддæриддæр аудæд! Ног, 2024 аз йæ бартæ йæхимæ райста, æмæ уын фидар æнæниздзинад, амонд, фæрныгад балæвар кæнæд! Ацы аз Бинонты азыл нымад у, æмæ уæ алчидæр йæ бинонты къордимæ фæрнæй, зæрдæрайгæйæ цæрæд! Уæ куыст адæмимæ у, æмæ адæмы фарнæй хайджын ут!

ФÆРНИАТЫ Рая,
Уæллаг Фыйыйагдоны цæрæг

Нымæцтæ

Зынаргъæй-зынаргъдæр

Æртын дыууæ квадратон метрæй къаддæр кæй фæзуат у, афæдзмæ Дзæуджыхъæуы раздæр арæзт ахæм фатерты аргъыл бафтыд 42,4 проценты.



Нæ республикæйы сæйраг горæты чысыл фатеры рæстæмбис аргъ у 3 милуан сомæй фылдæр. Ацы хабар фехъусын кодтой федералон портал "Мир квартир"-ы специалисттæ.

Раздæр арæзт чысыл фатерты аргъыл æппæтæй фылдæр кæм бафтыд, Дзæуджыхъæу бахастой ахæм уæрæсейаг горæтты номхыгъдмæ. Ныртæккæ амынд фатерты квадратон метры аргъ 111907 сомы (ома, афæдзмæ йыл бафтыд 46,2 проценты).

— Уæвæн ис, æмæ ацы аз дæр чысыл фатерты æргътæ рæвдз рæздзысты. Ипотекæйы проценты бæрц кæй фæфылдæр, уый хынцгæйæ, адæм арæхдæр æлхæндзысты чысыл фатертæ. Инфляцийы рæзт нымайгæйæ, уæвæн ис, æмæ ацы аз чысыл фатерты æргътыл фаронæй фылдæр бафтдзæн, — загъта амынд порталы генералон директор **Павел Луценко.**

ГУГКАТЫ Жаннæ

Скæнæм нæ тырыса дзыллæйы номæй, —
Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй!..

НÆ ИРЫ ФÆСИВÆД

ГАЗЕТ ГАЗЕТЫ

ФАРС ЦÆУЫН РАЙДЫДТА 1994 АЗЫ 31 МАРТЪИЙЫ ● 2024 АЗЫ 24 ЯНВАР — ТЪÆНДЖЫ МÆЙЫ 24 БОН, ÆРТЫЦЦÆГ №9 (93)

Æрыгæтты сфæлдыстад

Мæ уарзон мад

"Мæ мадæн лæварæн
Мæ уд дæр дæттын.
Мæ мад у æппæтæй
Зæрин хуры тын".

БАСИТЫ Мысост

Мæ уарзон мад! Ды дæ мæ хуыздæр æмбал, мæ царды рухс, мæ хъарм хуры тын. Æз абон дæуыл хъуамæ æрдзурон. Уадз, æмæ æппæт дуне дæр базона, мæнæн цавæр мад ис, уый.

Ды мæнæн мæ райгуырдæй абонмæ царды стыр ныфс дæ, хорз зондамонæг æмæ рæдау сылгоймаг. Цыфæнды хъуыддаджы дæр ды вæййыс мæ фарсмæ, баххуыс мын кæныс, де сныхас мын вæййы ныфсдæттæг. Ды куыд зоныс уарзын, афтæ ничи. Æмæ мæн дæр ахуыр кæныс адæмы уарзын, аргъ сын кæнын, хъæугæ сахат сæ фарсмæ балæууын. Мæнæн ныртæккæ рæсугъд сты мæ царды бонтæ, фæлæ цард æдзух иухуызон нæ хæссы. Мæ мад, ме 'ххуыс дæ искуы куы бахъæуа, уæд æз уыдзынæн дæ разы. Иунæгæй дæ никуы ныууадздзынæн, мад сывæллоныл куыд узæлы, афтæ дæм кæсдзынæн.

Ныртæккæ та мæнæй амондджындæр нæй. Мæнæн мæ ныййарджытæ сты дзæбæх æмæ кусынхъом. Чи зоны, исчи амонд æндæрхуызон æмбары, фæлæ мæнæн æрмæст мæ мады фæлмæн ныхас дæр æгъгъæд у тынг амондджын уæвынæн.

Уарзын дæ, мæ мад, аргъ дын кæнын, æмæ дæм кæд искуы тызмæгæй сдзырдтон, уæд мын æй ныххатыр кæн. Мæн фæнды, цæмæй дæ фарнæй нæ хæдзар дзаг уа, дæ къухтæй та царды сой æмæ бæркад. цæуа. Æз та архайдзынæн хорз адæймаг суæвыныл, аккаг чызг, мæ мад, дæуæн!

НАРЫКЪАТЫ Маленæ,
Дзæуджыхъæуы 26-æм скъолайы
9-æм къласы ахуырдзау

Мæ зынаргъ мад

Ныййарæг мад кæмæн ис, зæххыл уымæй амондджындæр, уымæй хъæздыгдæр адæймаг нæй. Æз дæр дæн тынг амондджын, а дунейыл мын æппæты уарзондæр адæймаг чи у, уыцы фæлмæнзæрдæ мад мæ йæ уды хъармæй хурау кæй тавы, уымæй.

Æрмæстдæр ныййарæг мад зоны йæ мидбылхудтæй, йæ фæлмæн цæстæнгасæй, йæ рæвдаугæ ныхасæй хъæбулæн йæ низ, йæ мæт æмæ йæ цин. Куыд алкæмæн дæр, афтæ мæнæн дæр æппæтæй хæрзаддæр у мæ мады фæлмæн къухтæй конд хæринаг. Алы ирон бæрæгбоны дæр нæ хæдзары фæкувынц мæ мады конд æртыгай чъиритæй.

Мæ зынаргъ, мæ буц ныййарæг мад Тыбылты Анжелæ! Æз дæуу уарзын æгæрон уарзтæй. Мæн фæнды, цæмæй мын ды алкæддæр уай æнæниз, амондджын æмæ зæрдæрухс. Æз та архайдзынæн, цæмæй мæ ахуыræй, ме 'гъдауæй, ме 'нтыстдзинæдтæй дæ зæрдæ райа æмæ уай мæнæй сæрыстыр.

МÆХЪИТЫ Эмилия,
Дзæуджыхъæуы 26-æм скъолайы
5-æм къласы ахуырдзау

Мæ зондамонæг

Мад... Цас уарзондзинад ис уыцы дзырды! Алы адæймаджы царды дæр ахсы ахсджиаг бынат. Фыццаг ныхас, фыццаг улæфт у мад.

Æз дæн райгонд мæ цардæй, ахæм мад мын кæй ис, уымæй. Хуыцау мын балæвар кодта фæлмæн æмæ хæларзæрдæ мад, йæ ном у Дианæ. Мæ фæндтæ, мæ хъуыдытæ мын кæддæриддæр æмбары æмæ мæ раст фæндагыл аразы. Мæ сусæг хъуыдытæ фæзæгъын æрмæстдæр мæ мадæн.

Фæлмæн ныхас дурмæ дæр хъæры, фæзæгъынц. Æцæгæй дæр уый раст у. Ды мæнмæ хъæræй никуы сдзырдтай. Мæн фæнды, цæмæй ды, мæ мад, кæддæриддæр уай хъæлдзæг, дæ цæстытæ циндзинадæй дзаг уой.

Мæ уарзон, мæ зынаргъ ныййарæг, цæр æмæ мын цæр бирæ азты æнæнизæй æмæ амондджынæй. Æз дæ зæрдæхудты никуы ницæмæй бацæудзынæн.

КЪУСРАТЫ Аланæ,
Дзæуджыхъæуы 26-æм скъолайы
7-æм къласы ахуырдзау

Аивад

Зарæджы базыртыл

Цæй диссаг у, æвæдза, нæ фыдæлты зæхх... Йæ урссæр хæхтæ, фынккалгæ æхсæрдзæнтæ, диссаджы рæсугъд æрдз, йæ сыгъдæг уæлдæф... Уыдон иууылдæр адæймаджы зæрдæйы равзæрын кæнынц цавæрдæр уæлмонц æнкъарæнтæ. Æвæццæгæн, уымæн райгуырдысты нæ Иры фæрнджын зæххыл Тугъанты Махарбег, Дударты Вероникæ, Адырхаты Светланæ æмæ Гергиты Валерийы хуызæн æвæджиауы курдиаты хицау стъалытæ. Ацы номхыгъдмæ, табу Стыр Хуыцауæн, бирæты ис бафтауæн.

Абон мæ ныхас у суинаг артист, Дзæуджыхъæуы 38-æм астæуккаг скъолайы 5-æм къласы ахуырдзау Санахъоты Эриславы тыххæй. Ныр ма йыл 11 азы йеддæмæ нæ цæуы, фæлæ ныридæгæн йæ къухы бафтыд бирæ æнтыстдзинæдтæ. Йæхи æмбарынхъом куы фæци, уæдæй нырмæ уарзы зарын. Иу ахæмы йыл йæ цæст æрæвæрдта зындгонд фæндырдзæгъдæг æмæ зарæггæнæг Уалыты Альберт æмæ йæ, йæхæдæг вокалыл цы ахуыргæнæгмæ ахуыр кодта, уымæ æрбахуыдта.

— Хорз æмæ "Инстаграм" фæзындис, фыццаг хатт Эриславы уым федтон. Уый бадтис авдæны уæлхъус æмæ "А-лолæй"-йы зарæг кодта. Уыцы кары сывæллонæн ахæм зарæг кæнын æнцон нæ уыд. Хуыцау кæмæндæр хъæлæс ратты, фæлæ дзы се 'ппæт пайда кæнын нæ фæзонынц. Эриславæн иуæй Хуыцау диссаджы рæсугъд хъæлæс балæвар кодта, иннæмæй ма дзы пайда кæнын дæр базыдта, зарынмæ тынг хорз арæхсы, — зæгъы **Уалыты Альберт.**

Ныртæккæ Эрислав у Дзæуджыхъæуы Гергиты Валерийы номыл сывæллæтты музыкалон скъолайы 4-æм къласы ахуырдзау. Вокалы сусæгдзинæдтæ йын амоны Уæрæсейы сгуыхт педагог Бæцæзаты Светланæ,

йæ концертмейстер та у Ашхен Овсепян. Фæлтæрдджын ахуыргæнджытæ сæ зонындзинæдтæ æнæвгъауæй лæвар кæнынц сæ ахуырдзауæн. Эрислав канд йæ мадæлон æвзагыл нæ зары, фæлæ уырыссагау дæр æмæ ма суанг италиаг æвзагыл дæр.

Æрвылаз нæ бæстæйы ацæуы æппæтуæрæсеон ерыс "Фæндыры зæрдæ". Фарон 20 октябры ацыд Дзæуджыхъæуы Металлургты галуаны. Æдæппæтæй дзы архайдтой 1500 адæймаджы нæ бæстæйы алы регионтæй. Эрислав сси ерысы уæлахиздзау, бацахста дзы фыццаг бынат. Жюрийы рæгъмæ раханта Баллаты Валодяйы зарæг "Арфæтæ". Фæндыræй та йын ацагъта Уалыты Альберт. Уый сæ фыццаг иумæйаг куыст нæу. Фарон Альберт йæ концертмæ æрбахуыдта æвзонг зарæггæнæджы æмæ уым дæр иумæ сценæмæ рацыдысты.

Курдиатджын læппуйыл сæ цаст æрæвæрдтой иннæ зындгонд артисттæ дæр. Арæх æй æрбахонынц сæ музыкаллон равдыстытæм. Сценæ Эрисламæн сси, йæ царды ахсджиаг бынат чи 'рцахста, ахæм бынат. Хæрз æрæджы та йæ репертуары фæзынд ног зарæг — "Мады зæрдæ", æмæ йæ акодта Хуытыгаты Маринæимæ иумæ. Концертмæ æрбацæуæг адæмы зæрдæтæм сæ зард афтæ тынг фæцыд, æмæ сæ сбуц кодтой тыхджын къухæмдзæгъд æмæ рæсугъд дидинджыты бæстытæй.

Фыдæлтæ зондджын уыдысты æмæ-иу хуымæтæджы нæ дзырдтой: "Гайлаг родæй бæрæг вæййы". Эрислав кæд нырма чысыл læппу у, уæддæр уæндон къахдзæфтæй цæуы размæ йæ царды фæндагыл. Æдзух йæ фарсмæ вæййы йæ уарзон нана, йæ фæлмæн рæвдауаг мады мад Ламарæ. Йæ хъарутæ æвзары алыхуызон ерысты æмæ фестивалты.

Æрæджы дæр та Цæгат Ирыстоны ацыд ерыс "Сыгъзæрин уадындз". Архайдтой дзы æвзонг музыканттæ Цæгат Кавказы республикæтæй: Дагъистан, Кæсæг-Балхъар, Хъæрæсе-Черкеси, Цæцæн æмæ Стъараполы крайæ. Жюрийы сæрдар уыд УФ-йы Адæмон артисткæ, РЦИ-Аланийы Мариинаг театры аивадон разамонæг Гергиты Ларисæ. Санахъоты Эрислав ам дæр бацахста фыццаг бынат æмæ сси ерысы уæлахиздзау.

Уæдæ фарон апрелы та æвзонг булæмæргъ Дзæуджыхъæуы сывæллæтты сфæлдыстады хæдзары доулистты ансамбл "Ритмы гор"-имæ, сæ разамонæг РЦИ-Аланийы адæмон артист Карсанаты Мæхæмæт, архайдта дунеон фестивалы Турчы. Чысыл зарæггæнæгыл не 'мзæххонтæ тынг зæрдиагæй сæмбæлдысты æмæ йæ ам дæр тыхджын къухæмдзæгъдæй сбуц кодтой.

Нæ зæрдæ йын зæгъы ноджы стырдæр сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ, йæ равзæрст фæндагыл аивады бæрзонддæр къæпхæнмæ æдæрсгæ куыд цæуа.

Нывкæнынад

Андиаты Тимуры курдиаты хур

Адæймагæн Хуыцауæй курдиат læвæрд куы уа, уæд дзы уа диссагæй дæр ницы ис, æвæццæгæн. Абон нæ ныхас у курдиатджын нывгæнæг АНДИАТЫ Тимур æмæ йе сфæлдыстадыл.

Уæззау операцийы фæстæ йæ хæдзармæ куы æрыздæхт, уæд фыццаг хатт йæ къухтæм райста фыссæнгарз æмæ урс гæххæттыл нывтæ кодта. Уæд Тимурыл цыдис фондз азы. Иууылдæр ыл дис кодтой, сывæллонмæ ахæм курдиат кæцæй фæзынд, зæгъгæ. Цы бинонты 'хсæн хъомыл кодта, уыдонæй нывкæнынадмæ ничи ницы бар дардта. Афтæ Тимур ныв кодта йæхи аргъæутты бæстæ. Йæ алы ныв дæр тæмæн калдта хуры рухсæй, йе 'нкъард нывты дæр иу кæмдæр къуымы хуры фæлгонц сарæзта, афтæмæй.

Андиаты læппуйы нывтæ фенæн ис Паддзахадон Уырыссаг музейы. Йæ хурæнгæс хуызтæ сæхимæ æлвасынц, сфæлдыстадæн аргъ чи кæны, уыдоны. Йæ нывтæй бирæтæ æлхæд æрцæуынц равдысты рæстæг дæр.

Алагиры Тимур кæм цæры, уыцы райдзаст фатермæ куы бацæуай, уæд, цыма аивадон равдыстмæ бахаудтæ, афтæ дæм фæкæсдзæн. Къæсæрæй куыддæр бахизай, афтæ дисы бафтдзынæ — æппæт къултыл дæр ауыгъд сты йæ нывтæ. Хуры тынтау сæм цæст кæсын нæ фæразы, фæлæ уыцы иу рæстæг дисы æфтауынц, адæймаджы сæхимæ æлвасынц. Уыцы алыхуызон хуызтæй фæкомкоммæ дæн æппæты ирддæрыл, хæстæгдæр æм бацыдтæн, хуыздæр æй фенон, зæгъгæ... Æмæ фестадтæн сæрдыгон фæзы. "Харбызы амонд" — афтæ хуыйны ацы ныв, æмæ уый хуымæтæджы нæу. Тимур у уыцы амонд саразæг, йæ автор.

Йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй у хуымæтæг адæймаг. Радзырдта нын, документалон киноныв "Дети индиго"-йы куыд архайдта, уый тыххæй. Зындгонд аивадон критиктæ та йæ, 9-аздзыдæй йæхи сæрмагонд нывты равдыст куы бацæттæ кодта, уæд рахуыдтой "вундеркинд".

— Раст зæгъгæйæ, нæ уарзын, ахæм æнахуыр нæмттæй мæ куы фæхонынц, уый. Æз дæн иннæты хуызæн хуымæтæг адæймаг. Нывтæ кæныны дисагæй цы ис? Алкæйы бон дæр у уыцы куыст кæнын, кæмæндæр хуыздæр уайы, кæмæндæр та — æвзæрдæр. Афтæ хъуыды кæнын, æмæ арфæйы ныхæстæм дæр, критикæмæ дæр хъусын хъæуы сабыргай, уæлæрвты нæ тæхгæйæ. Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æхсызгон куыд нæ у, мæ нывтæ искæйы зæрдæмæ куы фæцæуынц, уый.

Андиаты Тимур райгуырд 1994 азы. Алагиры сывæллæтты аивæдты скъола каст фæуыны фæстæ ахуыр кодта Цæгат



Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты аивæдты факультеты. Уыд хæрзаудæн фонд "Дети России"-йы стипендиант.

— Ныв кæнын райдыдтон, фондзаздзыдæй. Уæд уыдон уыдысты хуымæтæг нывтæ. Мæ сабибонтæй фæстæмæ мæ фæндыд нывгæнæг суæвын. Мæхи цас хъуыды кæнын, алкæддæр дзырдтон, нывтæ кæй кæндзынæн, уый. Ахæм фын дæр ма федтон: чидæр мæ фæрсы, чи уыдзынæ, зæгъгæ, æмæ йын æз дзуапп дæттын: "Нывгæнæг!" 9 азы мыл куы цыд, уæд мæ мæ ныййарджытæ аивæдты скъоламæ радтой. Уæд райдыдтон хуыздæр ныв кæнын. Дыууæ азы фæстæ та — четæныл ахорæнтæй. Бирæты-иу нæ уырныдта, мæхи нывтæ сты, уый. Куы сбирæ сты, уæд сæ равдыстытæ аразын райдыдтон. Мæ фыццаг равдыст уыд, 9 азы мыл куы цыд, уæд. Уый фæстæ афæдз дыууæ равдысты арæзтон, алкæддæр ног куыстытимæ. 12 азы мыл куы сæххæст, уæд мын равдыст уыд Бетъырбухы Паддзахадон Уырыссаг музейы. Уым мæ бар уыд сæрмагонд зал. Уымæй дарддæр мын равдыстытæ уыд Екатеринбурджы, Мæскуыйы, Пышмæйы, Оренбурджы, Кемеровойы æмæ Страсбурджы, æвддæс азы мыл куы цыд, уæд та мын сæрмагонд равдыст уыд Австрийы. Зонын, мæ куыстытæ хицæн адæймæгтæм кæй сты Швейцари, Францы, Австри æмæ Словакийы. 2010 азы хæрзаудæн фонд "Дети России" горæт Венæйы сарæзта аивадон равдыст. Уым мæ куыстытæй уæйгонд æрцыдысты 10 нывы. Æппæт фæрæзтæ дæр æрвыст æрцыдысты рынчын сывæллæттæн æххуысæн. Уый тынг æхсызгон у, ме сфæлдыстадæй мæ бон искæмæн баххуыс кæнын кæй у, уый, — зæгъы курдиатджын нывгæнæг.

Цавæр хуыз ис уæдæ йæ миддунейæн та? Уый базонæн ис, йæ нывтæм ын læмбынæгдæр куы бакæсæм, уæд. Раздæр ын ирддæр уыдысты, фæлæ ныр автор фылдæр цæстуынгæдæр хуызтæй пайда кæны. Куыд зæгъы, афтæмæй ныв кæнын фылдæр уарзы, æнкъард куы вæййы, уæд.

— Æвæццæгæн, мæ хъуыдытæ уæд хуыздæр æрбамбырд вæййынц, кæнæ мæ миддунейы хъуырдухæн уæд ирддæræй рабæræг вæййы. Ис мын иу куыст, æмæ, уымæ кæсгæйæ, бирæтæн сæ цæстысыг æруайы. Раст зæгъгæйæ, мæ уый дисы бафтыдта. Уыцы нывæн ном нæй. Ныффыстон æй мæ зонгæйы ныхæстæм гæсгæ. Уый бирæ азты ахæстоны фæбадти, фæлæ куы рацыд, уæд сæрибар уавæрты йæ бон цæрын нал уыд. Æхсæнадæй фæиппæрд. Куыд сбæрæг, ахæстоны йæм хуыздæр каст. Йемæ куы фæныхæстæ кодтон, уæд сныв кодтон: адæймаг рудзынджы хызыл хæцы æмæ цъæх арвмæ кæсы. Мæ зонгæйæн ацы куысты тыххæй ницы загътон... Ис ма мæм иу ныв, уый дæр цардæй ист у. Уым сныв кодтон зонгæ чызджы, æдзух-иу æй æнкъардæй уыдтон, фæлæ иу læппуимæ куы базонгæ, уæд аивта, мидбылхудт фæзынд йæ цæсгомыл. Афтæ райгуырд иннæ ныв — læппу æмæ чызг læууынц, кæрæдзимæ комкоммæ кæсынц æмæ læппуйы зæрдæйæ рухс цæуы. Уый ахызт чызджы зæрдæйы æмæ йын йæ талынг миддуне ныррухс кодта. Фæстæдæр мын мæ зонгæ куыд загъта, уымæ гæсгæ йын ацы ныв иннæтæй уарзондæр у, фæлæ йæ нæ рахатыд, йæхæдæг дзы кæй ис, уый. Афтæ нывты сюжеттæ райгуырынц алы хуызты: чиныг кæнæ хорз кинонывмæ куы бакæсын, царды исты хабæрттæ куы 'рцæуы, уæд. Фæлæ уый ууыл дзурæг нæу, æмæ мæ нывтæ ууыл-дæр мемæ баст сты.

Бирæтæ афтæ хъуыды кæнынц, æмæ, зæгъæм, уарзондзинады темæ федтой, уæд æз кæйдæр бауарзтон. Уый афтæ нæу. Арæх мын удцырынæн фæпайда вæййынц, мæ зонгæтыл цы цаутæ æрцæуы, уыдон. Фылдæр хатт мæм хъуыды æрцæуы æвиппайды, æнæнхъæлæджы. Сюжеттæ арæхдæр æхсæвыгон райгуырынц, фæлæ сæ ныв кæнын райдайын сæумæрайсом, хур бон. Удцырыны куы бацæуын, уæд куысты аныгъуылын, цыма æндæр дунейы фестын, афтæ. Афтæ рауайы, æмæ сæræй-къæхтæм ууылдæр ахорæнты вæййын, фæлæ мын уæлдай нæу. Къæвда бон æнкъард у, уарзондзинад та у ирд æмæ алыхуызон. Ныв кæнын алы бон дæр. Хатгай фæкусын 4-5 сахаты æнæ 'рлæугæйæ, — фæци йæ ныхас Тимур.

Алы артистмæ дæр афтæ фæкæсы, æмæ йæ хуыздæр рол нæма ахъазыд. Æвæццæгæн, Тимур дæр афтæ хъуыды кæны, мы хуыздæр ныв нæма ныффыстон, зæгъгæ.

Уæдæ цымæ царды та цæмæ бæллы?

— Раздæр мæ фæндыд нывгæнæг суæвын. Ныр та мæ фæнды зындгонд нывгæнæг суæвын. Мæхи фæллойæ цæрын æмæ мæ ныййарджытæн æххуыс кæнын мæ бон куыд у, афтæ. Цæмæй зындгонд суон, уый тыххæй та мæ хъæуы фылдæр кусын.

Поэзи

Мæ Ирыстон

Цы бирæ дæ уарзын,
О, мæ райгуырæн зæхх!
Дæ бæрзонд къæдзæхтæ,
Дæ сыгъдæг уæлдæф.

Дæ урсцъупп хæхтæ
Дардмæ æрттивынц.
Дæ тагъд цæугæдæттæ
Гуылфгæнгæйæ сирынц.

Нæ мадæлон 'взагыл
Ирыстоны дзурæм!
Ирон æвзаг, куыд аив у,
Уый алчидæр зоны.

Ды кæд ирон дæ,
Иронау уæд дзур!
Ирон æвзаг махæн у,
Куыд мадæн — хъæбул.

Ирæй мын адджындæр
А зæххыл нæй.
Мæ уарзон Ирыстон,
Цæр æнустæм фæрнæй!

ГÆДЖЫНАТЫ Дианæ,
Джызæлы 1-æм астæуккаг скъолайы
9-æм къласы ахуырдзау

Джызæл

Мæ уарзон хъæугæй
рæсугъддæр куы нæй,
Зарын æмæ зардзынæн ууыл
æз фæрнæй.
Нæ уæздан чызджытæ —
стъалыты 'нгæс,
Ирон æгъдауыл —
нæ фæсивæд хæст.

Ам æз куы базыдтон мады рæвдыд,
Рæсугъд æмæ узæлгæ — нæ ирон дзырд.
Мæ хорз сыхæгтæй æз ард хæрын,
Мæ буц хистæртæн æгъдау дæттын.

Кæмфæнды ма уон, сæрыстырæй
Зæгъын — Джызæлæй рæсугъддæр кæй нæй!
Мæ кады зарæг — дæуæн Джызæл!
Дардмæ куыд хъуыса дæ цины зæл!

КЦОЙТЫ Каринæ,
Джызæлы 1-æм астæуккаг скъолайы
8-æм къласы ахуырдзау

Аргъау

Æртæ гæдыбæласы

Царди йæхицæн стыр быдыр æмæ дзы зади æртæ гæдыбæласы.Ræзыдысты,ræзыдысты, быдыр рæсугъд æмæ аив кодтой. Цъиутæ дæр сыл цин кодтой æмæ сæхицæн бæлæстыл ахстæттæ арæзтой.

Иу ахæмы дыууæ паддзахады 'хсæн, быдырмæ хæстæг, райдыдта тугкалæн хæст. Алырдыгæй цыд пиллон арты фæздæг. Цъиутæ фæтарстысты æмæ атахтысты дард ранмæ. Æнкъардæй æртæ гæдыбæласы кастысты, адæм кæрæдзийы куыд марынц, уымæ. Куы-иу сæ къалиутыл фат бауади, куы та-иу цирхъæй ныццавтой бæласы хъæдтæ.

Куыдтой гæдыбæлæстæ фыррыстæй æмæ иунæгдзинадæй. Фæлæ сæ бон цы уыд...

Хæст фæци. Быдыр æрсабыр. Хур дæр æй цыма барæвдауынмæ хъавыд, афтæ йыл йæ фæлмæн тынтæ æруагъта. Ногæй та райдыдтой гæлæбутæ тæхын иу дидинæгæй иннæмæ. Мæргътæ дæр та фæстæмæ æртахтысты. Фæлæ гæдыбæлæсты хъæдгæмттæй тагъди цæссыгтæ. Уæд кæцæйдæр фæзынд хъæдхой, федта бæлæсты хъæдгæмттæ æмæ сæм зилын райдыдта. Нал сæ тагъди цæссыг. Цъиутæ та сарæзтой ног ахстæттæ гæдыбæлæсты цъуппытыл. Æмæ та, раздæрау, сси амондджын быдыры цард.

ЕЛОЙТЫ Зæринæ,
Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы
5-æм къласы ахуырдзау

Фарс бацæттæ кодта
ХЪОЙБАЙТЫ
Галинæ

Спортивон фидиуæг



Армрестлинг

Чи у армæй тыхджындæр

Дзæуджыхъæуы спортивон хъæбысхæстæй цæттæгæнæн центры армхæстæй (армрестлинг) цыдысты РЦИ-Аланийы чемпионаты ерыстæ.

Архайдтой дзы 133 нæлгоймаг æмæ сылгоймаг спортсментæ.

Сылгоймæгтæ ерыс кодтой авд уæзы, нæлгоймæгтæ та — иуæндæс уæзы.

Ерысты бæрæггонд цыдысты, Уæрæсейы чемпионатмæ балцæгтæ лæвæрд кæмæн æрцæудзæн, уыдоны нæмттæ.

Чемпионат та ацы хатт дæр та рауад цымыдисаг. Бирæ дзы уыди æмдых ныхмæлæуджытæ, æмæ уыдонæн сæ тохтæ цыдысты уæлдай хъазуатондæрæй.

Сылгоймæгты ерысты 1-аг бынæттæ рамбылдтой: 50 кг — Абойты Аленæ, 55 кг — Иринæ Лапшина, 60 кг — Хъæрджынты Эллæ, 65 кг — Хортиты Оксанæ, 70 кг — Иринæ Матвеева, 80 кг — Къадзты Зитæ, +90 кг — Дудиаты Дианæ.

Нæлгоймæгты ерысты Ирыстоны чемпионтæ систы: 55 кг — Дзабиты Арсен, 60 кг — Гæбæраты Хетæг, 65 кг — Саулохты Азæмæт, 70 кг — Бестолты Сослан, 75 кг — Вячеслав Кутателадзе, 80 кг — Хæбæлаты Арсен, 85 кг — Тогойты Игор, 90 кг — Цæрикъаты Владислав, 100 кг — Рубайты Сослан, 110 кг — Гасситы Сослан, +110 кг — Дыгурты Сослан.

Республикæйы чемпионтæй уæлдай ма Уæрæсейы ерысты архайыны бар райстой, алы уæзы дæр 2-аг æмæ 3-аг бынæттæ чи бацахста, уыцы спортсментæ.

Уæрæсейы чемпионат апрелы цæудзæн Орелы. Уырны нæ, нæ цæнгдых чызджытæ æмæ лæппутæ та хæрзиуджыты стыр хуынтимæ кæй сыздæхдзысты Ирыстонмæ, уый.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Мидбылты худгæйæ

“Гæбули, быдырмæ рацу!”

Советон дуг арæх чи æрымысы, уыцы адæмы нымæц гыццыл нæу, уæлдайдæр — хистæр æмæ астæуккаг кары минæвæрттæ. Ныртæккæ йыл цъыфкалджытæ бирæ ис, фæлæ сæм иу къорд фарстайы куы радтай, уæд сæ былтæ банцъулынц. Абон нæдæр медицинон æххуыс, нæдæр ахуырад сæ гаччы нал сты, куыстуæттæ нал ис, кæдæм цæуæм, уый бæрæг нæу. Капитализм, дам, аразæм, базарадон экономикæ, фæлæ сæ реформæтæ нæ кусынц. Уæдæ нæ чиновниктæ милуантæ нæ, фæлæ миллиардтæй давынц, паддзахад мард бæхы ратон-батон кæны. Ирыстон дæр уыцы хъуыддаджы фæсте нæ зайы...

Мах та æрымысæм, сæрды каникулты куыд куыстам хистæртимæ колхозы быдырты, куыд цин кодтам нæ мыздыл. Кæд хистæрты кой скодтам, уæд уын радзурдзынæн Малиты Гæбулийы тыххæй иу цау. Царди Дыгургомы, Дзынагъайы, хъиамæт кодта колхозы. Кæд æгас нал у, уæддæр ын абон дæр йæ хъæубæстæ йæ цыргъзонд ныхæстæ, худæджы хабæрттæ арæх æрымысынц.

Иуахæмы та сæударæй бригадир йæ кусджытыл зылдис, æмæ, Малиты размæ куы 'рхæццæ, уæд кæрты сисы сæрты бахъæр кодта:

— Гæбули, уа Гæбули, быдырмæ цæуæм, æмæ рацу!

Хæдзары хицау йæ размæ рацыд, рудзгуыты бын слæууыд æмæ хъæрæй бригадирмæ дзуры:

— Ссс! Сабыр! Мæ чындзытæ фехъал уыдзысты!

ГАПБАТЫ Алетæ

Барад

Сусæг тамакотæ

Цæгатирыстойнаг пъæлицæйы кусджытæ стыр бæрцæй тамакотæ æнæзакъонæй уæй кæныны хъуыддагæн кæрон сæвæрдтой.

Ацы хабар фехъусын кодта нæ республикæйы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ.

Барадхъахъхъæнджытæ куыд рабæрæг кодтой, афтæмæй, Краснодары крайы рæстæгмæ чи цæры, Фæскавказы паддзахæдтæй иуæй нæм æрбацæуæг ахæм 37-аздзыд нæлгоймаг йæ хæдтулгæ "Газель"-æй фæцæйласта æнæзакъонæй æлхæд тамакотæ æндæр регионмæ зынаргъдæрæй сæ ауæй кæнынмæ. Амынд транспортон фæрæзы баджигул кæнгæйæ, пъæлицæйы кусджытæ дзы кæй ссардтой, æмткæй райсгæйæ, 4 милуан сомæй фылдæр аргъ (уый у уæлдай стырдæр бæрц), уыцы тамакоты 36 мин къоппыл сæрмагонд акцизон нысантæ æвæрд нæ уыд.

Уголовон хъуыддаг кæуыл сарæзтой, уыцы закъонхалæг адæймагæн тæссаг у тæккæ фылдæр æхсæз азы дæргъы ахæстоны фæбадынæй.

"15-æм регион"

Арфæ

Дадтеты-Будтуты Агуыбейы чызг Фатимæйæн

Ног азы райдиан йæ юбилей бæрæг кæны нæ уарзон, иузæрдион хæлар, не ‘мкурсон Дадтеты-Будтуты Агуыбейы чызг Фатимæ. 1976 азы Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты филологийы факультет каст куы фæци, уæдæй, суанг пенсимæ ацæуыны онг æнтыстджынæй фæкуыста Дзæуджыхъæуы 6-æм скъолайы ахуыргæнæгæй. Йæ зонындзинæдтæ цæстуарзонæй лæвæрдта кæстæр фæлтæрæн. Фатимæйæн кæд йæ цардæмбал æгас нал у, уæддæр нæ бауагъта бинонты фарн фæцудын кæнын. Схъомыл кодта хæрзæгъдау дыууæ лæппуйы, æмæ уыдон дæр сæ ныййарджыты хорз миниуджытæй фæхайджын сты.

Нæ зынаргъ Фатимæ! Дæ сæдæ азмæ дæ уарзон бинонты 'хсæн хъуысæд дæ фæлмæн ныхас, дæ юбилейон аз та дын балæвар кæнæд фидар æнæниздзинад, бинонты амонд æмæ дæ кæстæрты рæсугъддзинад! Мады-Майрæмыл дæ фæдзæхсæм, нæ диссаджы хæлар адæймаг!

ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты 1976 азы рауагъдонтæ

Аивад

Фыццаг солон концерт

Концертты цикл ”Гергиты Ларисæ æвдисы”-йы фæткмæ гæсгæ Бетырбухы Мариинаг театры дзæуджыхъæуккаг филиалы концертон залы сценæйыл ацыд дунеон конкурсты лауреат, Мæскуыйы Стыр театры Б. Покровскийы номыл камерон сценæйы солист ДУЛАТЫ Дзамболаты (баритон) фыццаг солон концерт.

Къорд вокалон конкурсы архайгæйæ, курдиатджын ирон оперон зарæггæнæг Дулайы-фырты къухы бафтыдысты мæнæ ахæм æнтыстдзинæдтæ:

2015 аз — конкурс "Виват, вокал! Виват, артист!"-ы фыццаг преми æмæ жюрийы сæрмагонд призы лауреат;

2017 аз — П. И. Чайковскийы номыл III дунеон музыкалон фестивалы æрыгон зарæггæнджыты конкурсы (Мæскуыйы облæсты горæт Клин) 1-æм премийы лауреат;

2018 аз — П. Г. Лисициаиы номыл зарæггæнджыты V дунеон конкурсы (Дзæуджыхъæу) фыццаг премийы лауреат;

2023 аз — Хиблæ Герзмавайы зарæггæнджытæ æмæ концертамонджыты дунеон конкурсы æртыккаг премийы лауреат;

2019 аз — Еленæ Образцовайы æрыгон оперон зарæггæнджыты XII дунеон конкурсы (Бетъырбух) æртыккаг премийы лауреат.

Дзæуджыхъæуы Гергиты Валерийы номыл Аивæдты колледжы зарæггæнджыты хайад æмæ Мæскуыйы Театралон аивады паддзахадон институты музыкалон театры факультет кастфæуæвæг Дулаты Дзамболат, Дзæуджыхъæуы Оперæ æмæ балеты театры концертон программæты архайгæйæ, цалдæр азы дæргъы амынд филиалы хуынд зарæггæнæджы хуызы азары А. Рубинштейн, Плиты Харитон, С. Рахманинов æмæ Махъоты Ацæмæзы оперæтæ "Демон", "Къоста", "Алеко" æмæ "Алантæ"-йы сæйраг зарджытæ.

Аивадуарзджытæ Дулайы-фырты рæсугъд хъæлæсæй, зарæг кæныны æвæджиауы миниуæгæй, зарæджы дзырдтæ бæлвырдæй хъусын кæнынмæ арæхстдзинадæй, йæ рæвдз змæлд æмæ актеры зæрдæмæдзæугæ хъазтæй алы хатт дæр райгонд вæййынц. Дзамболат азарыд дзыллæтæм кадджын уырыссаг романстæ. Роялæй цагъта дунеон конкурсты лауреат, Мариинаг театры æрыгон оперон зарæггæнджыты академийы концертамонæг **Василий Попов.**

Концертты цикл "Гергиты Ларисæ æвдисы" нымад у Уæрæсейы адæмон артисткæ, Мариинаг театры Æрыгон оперон зарæггæнджыты академийы æмæ амынд театры дзæуджыхъæуккаг филиалы аивадон разамонæг Гергиты Ларисæйы ног авторон проектыл. Ацы проекты фæрцы цæгатирыстойнаг аивадуарзджытæ базонгæ вæййынц филиалы концертон залы сценæйыл концерттæ фыццаг хатт æвдисæг курдиатджын артисттæ æмæ сфæлдыстадон коллективтимæ.

АБАЙТЫ Зæлинæ

Æмбисæндтæ

✲✲✲

Æгуыст лæг аслам у, кусæг — зынаргъ.

✲✲✲

Кусыныл нал ауæрста: бон дæр нал бадт, æхсæв дæр нал хуыссыд.

✲✲✲

Бонæн изæрæй куы нæ тæрсай, уæд цард не ссардзынæ.

✲✲✲

Сулæфыны бон мæ нæй.

✲✲✲

Сæрысхъилы бон дæр мæ нал и.

✲✲✲

Мæ сæр аныхъыны бон дæр мæ нал и.

✲✲✲

Уд сисынмæ дæр никæй æвдæлд.

✲✲✲

Мæ уд сисын дæр мæ ма бауадз.

✲✲✲

Йæ иу къухæй кæрдгæ кодта, йе ’ннæ къухæй та — хуыйгæ.

✲✲✲

Нардуатæй куыст хæлардæр у.

✲✲✲

Фæдджи фæсронæй кусы.

✲✲✲

Куы кусай, уæд — уæхскуæзæй.

Адæймаг æмæ йæ хъысмæт

Зæрдæ райы йæ куклаты уындæй

Адæймагæн, дам, йæ уд нæ зæронд кæны. Ас сылгоймаг æмæ нæлгоймаджы удыхъæды дæр цæры сывæллон — гыццыл чызг кæнæ лæппу. Уый тыххæй бацин кæнæм, æвæццæгæн, зæрдиагæй рæсугъд хъазæн чындзытæ æмæ алыхуызон машинæтыл. Иуæйнæ та ма сæ цæрæнбоны æмбырд дæр фæкæнынц æмæ дзы диссаджы коллекцитæ саразынц.

Уæдæ уæ бауырнæд, Хæсыгаты Лидæйы конд чындзытæй — куклатæй — аив, рæсугъд костюмты, сæ дарæстæ — сæ удыхъæд æвдисæг — цæст атонын нæ комы. Се 'хсæн фенæн ис æрмæст Кавказы нæ, фæлæ дунейы адæмыхæттыты минæвæртты сурæттæ дæр. Æрмдæсны йæхæдæг йæ фидæны куклатæн æрхъуыды кæны æмæ саразы эскизтæ, тынг лæмбынæг сыл бацархайы, иу гыццыл лыстæг хай дæр дзы нæ аирæзы æнæ кондæй. Уый æнцон хъуыддаг нæу. Цæмæй иу кæнæ иннæ кукла саразай, уый тыххæй йын хъуамæ, цы адæмыхаттæй у, уый культурæ, дарæсы, хи дарыны традицитæ базонай, æмæ уыцы куыст Лидæ йæхицæн хæсыл нымайы. Уымæн здахы йæхимæ цæст йæ къухтæй конд "æрмæг".

Хæсыгаты Лидæ ацы боны æнтыстмæ бирæ азты фæцыд. Йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй фыццаг чындз сарæзта дыууадæс азы размæ. Уыимæ йæм ахæм фæнд нæ уыдис, æмæ ацы хъуыддаг йæ царды ахсджиаг бынат бацахсдзæн. Фæлæ, куыд фæзæгъынц, фæндтæ Хуыцаумæ сты. Йæ фыццаг куыстытæ æлхæнæджы зæрдæмæ куы фæцыдысты, уæд дысфæлдæхтæй бавнæлдта æмæ абон йæ рæстæджы фылдæр хай куклатæ аразыныл хардз кæны. Зæрдиагæй сыл архайы, æмæ сæ ныртæккæ æрмæст Цæгат Ирыстоны нæ, фæлæ Францы, Австралийы, Испанийы, Америкæйы дæр зонынц æмæ уарзынц.

Йæ куысты сусæгдзинæдтæ нын раргом кодта Хæсыгаты Лидæ:

— Мæ фылдæр куклатæ сты ирон национ костюмты, иннæтæ — куыд мæ бафæнды — афтæ, кæнæ та — заказмæ гæсгæ. Мæ куыстыты 'хсæн куклатæ — Кавказы адæмыхæттыты, индиаг, уырыссаг, Цæгаты алы адæмыхæттыты дарæсы. Уыдис мæм заказ Японæй. Бирæ йыл фæкуыстон, сæйрагдæр — йæ сæрыфастыл. Бахъуыди мæ бирæ æрмæг раиртасын, кастæн кинотæм, видеороликтæм, цæмæй йын йæ сусæгдзинад базонон. Тынг цымыдисаг рауад, заказгæнæджы зæрдæмæ фæцыд.

Ковиды агъоммæ мемæ къорд чызджы куыста — чи дзы костюмтыл архайдта, чи сын сæ цæсгæмттæ ныв кодта, чи та сæ къоппыты æвæрдта. Фæлæ ацы фыдгонд ахсæн хъуыддаг иу гыццыл фæкъуылымпы, æмæ ныртæккæ æппæт уыцы куыстытæ мæхимæ хауынц. Кæй зæгъын æй хъæуы, иунæгæй архайгæйæ сыл рæстæг фылдæр хардз кæнын. Иу кукла саразынæн хъæуы дыууæ къуырийы. Сæ асмæ гæсгæ сты цыппар хуызы — æппæты стырдæр — 50 сантиметры, 40, 30 æмæ æппæты къаддæр — 14 сантиметры, фæлæ уый сраæвдз кæнынæн дæр гыццылдæр рæстæг нæ хъæуы. Мæ куысты æппæты фылдæр мæ зæрдæмæ цæуы фæлгонц æрхъуыды кæнын — цалынмæ йын эскиз саразын, стæй, цы хъуымацæй спайда кæндзынæн, уый ссарын. Арæх мæм ахæм хъуымацы гæппæлтæ æрбахауы, æмæ фæсагъæс кæнын, цы дзы скæнын æмбæлы, цæимæ сфидаудзæн, цавæр худ кæнæ кæлмæрзæнимæ, ууыл. Фылдæр хатт та мæ хъуымац йæхæдæг фæаразы фæлгонц саразынмæ.

Ацы куыст, куыд фæзæгъынц, мæ фырхъалæй нæ райдыдтон. Райгуырдтæн æмæ цардтæн Беслæны. Фæлæ мын куыст нал уыд, Дзæуджыхъæуы æрцардтæн, æмæ мæм куклатæ æрбахаудтой. Бынтон ног нæ уыдысты, фæлæ сæ сеставраци кодтон, ссардтон хъæугæ æрмæг, керамистимæ æмгуыстадыл баныхас кæнгæйæ. Фыццаг куклаты къорд, æнхъæл куыд нæ уыдтæн, афтæ тагъд фæуæй, æмæ мыл цыма базыртæ базад, мæхицæн загътон, уый хуымæтæджы нæу, æвæццæгæн, Не Скæнæджы афтæ бафæндыд. Тынг уарзын мæ куыст, нæ фæллайын хуыйынæй, алы фæлгонцтæ æрхъуыды кæнынмæ мæм фылдæр фæлтæрддзинад фæзынди. Мæхимæ гæсгæ мын æппæты хуыздæр уайынц куклатæ кæсгон национ костюмы.

Ныртæккæ ма аразын чындзытæ къухсæрфæн гæххæттæй — салфеткæтæй. Уый та хæстæг у нæхи ирон рагон традицимæ — къæцæлын чындзытæ рагзаманты арæзтой нæ нанатæ. Уыдон сæ чындзытæ рæвдз кодтой, сæ къухы цы æфтыд, уыцы æрмæгæй, æз та пайда кæнын къухсæрфæнтæй, æрмæстдæр кæлмæрзæнтæ сты цыллæйæ. Æрæджы мæ уый тыххæй фæхуыдтой форум "Уæрæсе"-мæ, уым радтон мастер-кълас. Хи 'ппæлыны хуызы йæ ма бамбарут, фæлæ тынг бирæ адæмы бафæндыд базонын ахæм гæххæттын чындзытæ аразын, дисы мæ бафтыдта, ас нæлгоймæгтæ дæр кæй æрбадтысты куклатæ кæнынмæ. Æз-иу сæ афарстон, кæцæй стут, зæгъгæ, æмæ сын дзуапп райсыны фæстæ дзырдтон, махмæ дæр, уыдонмæ дæр раздæры заманты ахæм чындзытæ кæй кодтой.

Иунæгæй кусын, мæ куыстытæ балхæнæн ис, проспекты цы армукъа вæййы æрвылкъуыри, уым, бирæ æрмдæснытæ рацæуы уырдæм сæ къухвæллой уæй кæнынмæ. Уым райсæм заказтæ, уæй дæр дзы акæнæм. Дунейы алы кæрæттæй мæм цæуы заказтæ, æппæты фылдæр та — Америкæйæ, ныртæккæ сын кæрон дæр нæй.

Мæ зæрды ис сылгоймаг — паддзæхты, æндæр историйы фæд ныуудзæг адæймæгты фæлгонцтæ саразын. Уый тыххæй агурын æмæ кæсын бирæ историон æрмæг, — афтæ радзырдта йæ æрвылбоны архайды тыххæй Хæсыгаты Лидæ.

Сылгоймаг йæ зæрдæйы хъармдзинад бавæры йæ конд алы сурæты дæр, æмæ уымæн стыр аргъ кæнынц дунейы алы кæрæтты курдиатджын сылгоймаджы къухдзæфæн.

АГЪНАТЫ Алетæ

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Ремонт стиральных машин и холодильников. Тел.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).

Пошив матрацеви одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.

Защита плодового сада от зимующих вредителей. Санитарная обработка на зиму плодовых деревьев и других культурных насаждений (опрыскивание). Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 Руслан.

Газет “Рæстдзинад”

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргъæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Номыры радхæссæг редактор — **Цæгæраты Эльмирæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;** 2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныв тæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонył бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2978. Заказ № 61. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru